

# 23 avril

**Bondye, ou p ap janm meprize moun ki soumèt tèt li devan ou, moun ki rekonèt tò li.** Sòm 51. 17

**Se ou menm sèlman ki konnen sa ki nan fon kè moun.** 1 Wa 8. 39

## **Fason Bondye apresye**

*Lik 18. 9-14*

Pou Jezi te ka eksplike enpòtans sa k ap pase nan kè nou, li pran egzanp de moun ki te vin lapriyè nan tanp lan. Youn nan yo se yon pèsonaj nan legliz ki kwè li bon, yo te meprize lòt la poutèt travay li t ap fè nan sosyete a.

Premye a te lapriyè konsa : “O Bondye, mwen rann ou gras paske mwen pa tankou rès moun yo”. Ogèy fè nou separe ak moun menmjan ak nou, men sitou li fè nou ale lwen Bondye, paske Bondye pa ka wè bagay sa : “Mwen pa vle wè moun ogèye ak moun awogan, moun ki gen move konduit ak moun k ap bay manti” (Pwovèb 8. 13).

Dezyèm nan te gen yon atitud nètman diferan. Li pa t oze pwoche devan Bondye tèlman li te rekonèt peche li yo. Li te tèlman santi li mal alèz li pa t menm leve je l gade Bondye. Men li te rekonèt, Bondye se te yon Bondye ki gen mizerikòd ak gras. Epi li lapriyè konsa : “Bondye pitye pou mwen ! Se pechè mwen ye”. Pandan Jezi ap pale de nonm sa, Li di : “Se misye pito ki desann lakay li ak jistis” – Farizyen an te satisfè de tèt li. Apresa li di ankò : “tout moun ki leve tèt yo, Bondye ap rabese yo. Men moun ki rabese tèt yo, Bondye ap leve yo”.

Bondye pa janm chanje. “Bondye kenbe tèt ak awogan yo. Men moun ki rabese tèt yo Bondye ba yo gras” (Jak 4. 6). Jodi a, moun ki rabese tèt yo devan Bondye, ki konfese peche yo e kwè Jezi Kris te mouri pou padone peche yo, yo va resevwa padon akòz gras Li.

# 23 avril

**Ô Dieu ! Tu ne mépriseras pas un cœur brisé et humilié.** Psaume 51. 17

**Tu connais, toi seul, le cœur de tous les fils des hommes.** 1 Rois 8. 39

## **Appréciation divine**

*Luc 18. 9-14*

Jésus, pour expliquer l'importance de ce qui se passe dans nos cœurs, prend l'exemple de deux hommes qui viennent prier dans le temple. L'un est un personnage religieux qui s'estime juste, l'autre est méprisé à cause de sa fonction dans la société.

Le premier prie ainsi : "Ô Dieu, je te rends grâce de ce que je ne suis pas comme le reste des hommes". L'orgueil nous isole de nos semblables, mais surtout nous éloigne de Dieu, qui l'a en horreur : "Je hais l'orgueil et la hauteur, et la voie d'iniquité, et la bouche perverse" (Proverbes 8. 13).

Le second a une attitude toute différente. Conscient de ses péchés devant Dieu, il n'ose pas s'approcher. Sa conscience mal à l'aise ne lui permet même pas de lever les yeux vers Dieu. Mais il a conscience que Dieu est un Dieu de miséricorde et de grâce. Et il prie ainsi : "Ô Dieu, sois apaisé envers moi, pécheur !". En parlant de lui, Jésus dit : "Celui-ci descendit dans sa maison justifié plutôt que l'autre" – l'homme religieux satisfait de lui-même. Puis il ajoute : "Quiconque s'élève sera abaissé, et celui qui s'abaisse sera élevé".

Dieu n'a pas changé. "Dieu résiste aux orgueilleux, mais il donne la grâce aux humbles" (Jacques 4. 6). Celui qui, aujourd'hui, s'humilie devant Dieu, lui confesse ses péchés et croit que Jésus Christ est mort pour les expier, reçoit son pardon par grâce.